

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu geus didéskripsikeun dina bab saméméhna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Tatakrama basa (UUBS) dipaké dina rupa-rupa ragam basa, nya éta dina ragam basa loma jeung lemes (keur ka batur jeung keur sorangan). Kecap lemes (hormat), dipaké lamun urang nyarita bari hayang ngébréhkeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur (jalma II), jeung kanu dicaritakeun (jalma III), nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung ni dicaritakeun. Sedengkeun kecap loma (wajar atawa sedeng), dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa sakapeung mah dipaké nyarita hareupeun baléréa atawa ka babaturan anu geus pohara lomana.

Dina surat pribadi anu ditulis ku siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung, kapanggih 2131 kecap nu dipaké ku siswa dina nulis surat pribadi, anu kabagi jadi 443 kecap loma, 1107 kecap lemes keur sorangan, jeung 581 kecap lemes keur batur. Tina 443 kecap loma kabagi deui jadi 433 kecap merenah jeung 10 kecap teu merenah. Tina 1107 kecap lemes keur sorangan, 993 kecap merenah jeung 114 kecap teu merenah. Ogé tina 581 kecap lemes keur batur, 418 kecap merenah jeung 163 kecap teu merenah.


Jadi, kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap loma nepi ka 97,74%, kecap lemes keur sorangan 89,70%, sedengkeun kecap lemes keur batur 71,94%. Hartina, kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa loma leuwih hadé ti batan basa lemes jeung kasalahan dina ngalarapkeun basa loma leuwih saeutik ti batan basa lemes. Tina 287 kecap nu salah larap 4,53%na nya éta kecap kamalayan. Kecap kamalayan dipaké ku siswa alatan kurangna kosa kecap nu dipibanda ku siswa. Ieu hal balukar tina basa nu dipaké nyarita sapopoé jeung campur gaulna loba nu maké basa campuran Indonesia jeung Sunda.

Tina 40 siswa, 25 siswa boga kamampuh nu alus pisan dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda, 13 siswa kamampuhna alus, jeung 2 siswa kamampuhna cukup. Lamun dirata-ratakeun, kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda nya éta 86,53%. Dumasar kana patokan ngitung perséntase skala lima, 86,53% téh asup kana katégori A anu hartina alus pisan.

Faktor katurunan jeung karep kana maké basa Sunda gedé pangaruhna kana kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda. Salian ti éta basa Sunda nu dipaké nyarita dina kahirupan sapopoé jeung dina campur gaul, gedé ogé pangaruhna pikeun kabeungharan kosa kecap nu dipibanda nu tangtuna mangaruhan kana kamampuh dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda (UUBS).


Sababaraha pasualan nu kaalaman ku panulis dina nganalisis data, nyababkeun panulis boga pamadegan anyar, nya éta waktu jalma kahiji nyarita ka jalma kadua (sasama/saluhureun) nyaritakeun kaayaan dirina jeung jalma katilu (saluhureun) leuwih hadé maké basa lemes keur sorangan. Hal ieu dumasar kana tinimbangan yén jalma kahiji leuwih muncul (eksplisit), tapi bakal béda kecap nu

dipakéna saupama jalma kahiji diganti ku kecap séjéna. Lamun seug dijieun diagramna, déskripsi di luhur bisa digambarkeun samodél kieu:



Kitu deui pikeun jalma kahiji nu nyarita ka jalma kadua nyaritakeun ngeunaan kaayaan jalma kahiji jeung kadua éta, leuwih hadé maké basa lemes keur batur. Tapi béda deui saupama hubungan antara jalma kahiji jeung kadua geus kacida lomana, kasus kieu mah bisa waé maké basa lemes keur sorangan.

Lamun seug dijieun diagramna, déskripsi di luhur bisa digambarkeun samodél kieu:



## 5.2 Saran

Dipakéna tatakrama Basa Sunda téh dipiharep masarakat Sunda bisa silih ajéan, leuwih jauhna bisa mibanda budi pekerti luhung. Bakal leuwih hadé hasilna lamun pangaweruh ngeunaan tatakrama basa dipelak ti bubudak. Kawajiban nepikeun pangaweruh tatakrama basa aya di kolot (di imah) jeung guru (di sakola).

### 5.2.1 Saran keur kolot (di imah)

Kolot kudu méré conto nyata, keur gugueun jeung tironeun. Unggal kolot (urang Sunda) nu bogaeun budak kudu méré conto dina maké tatakrama Basa

Sunda nu merenah, nya tangtu baé éta kolot kudu boga bekel pangaweruh ngeunaan tatakrama Basa Sunda. Bisa ogé ku jalan ngajak lalajo drama-drama Sunda anu dipintokeun dina televisi atawa ngadéngékeun drama-drama Sunda di radio.

#### 5.2.2 Saran keur guru (di sakola)

Guru salaku nu ngokolakeun prosés diajar ngajar, kudu méré motivasi ka siswa pikeun ngabiasakeun maké tatakrama basa nu bener tur hadé. Bisa ku jalan méré pancén paguneman papada siswa, anu langsung dipraktékeun di hareupeun kelas, atawa bisa ogé ku méré pancén nyieun naskah drama atawa nulis surat pribadi nu engkéna dipintonkeun/dibacakeun di hareupeun kelas.

#### 5.2.3 Saran keur panalungtik séjén

Panalungtikan ieu mung saukur ngukur kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda, leuwih hadé pamaca ngayakeun deui panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan ieu hal, hususna ngeunaan pasualan-pasualan tatakrama basa anu kaalaman dina ieu panalungtikan, sangkan pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda bisa leuwih euyeub deui.

